



CATHOLIC
MIGRATION
SERVICES

Brooklyn Office
191 Joralemon Street, 4th Fl.
Brooklyn, NY 11201
(718) 236-3000

Queens Office
47-01 Queens Boulevard, Ste. 203
Sunnyside, NY 11104
(347) 472-3500

KONNEN DWA-W – DEPÒTASYON RAPID

22 Jiyè 2019, US Department of Homeland Security (“DHS”) pibliye yon anons ki endike entansyon pou agrandi yon pwogram depòtasyon rapid (“Expedited Removal”). Agrandi pwogram sa vle di yon seri moun ki t-ap viv nan Etazini mwens ke 2 zan vin gen risk depòtasyon **san yo pa wè yon jij imigrasyon**.

Konmanse Oktòb 2020, pwogram sa ka itilize kounye-a nenpot kote nan Etazini (kidonk li pa bezwen mwens ke 100 mil de fwontyè-a). Pwogram sa ka itilize pou mete deyò moun ki te antre Etazini san dokiman ki pat admi kòm sa dwa ou resevwa pawòl nan Etazini.

Pou asire sekirite manm kominate-nou ak moun yo renmen. li enpòtan pou nou konprann sa pwogram sa ye ak kijan pou nou proteje tèt nou ak moun nou renmen yo pi byen.

Kisa ki Depòtasyon Rapid? Jiska kounye-a depòtasyon rapid se te yon pwogram yo te s1evi kont moun ki te nan peyi-a mwens ke 2 zan e te mwens ke 100 mil frontyè-a. Kounye-a akòz nouvo règleman-an yo laji-l pou tout Etazini e aplike a tout moun ki te antre ilegal e rete mwens ke 2 zan. Moun sa yo pap gen dwa pou parèt devan yon jij imigrasyon e yo gen dwa nan prizon pandan y-ap tann pou voye yo ale soti Etazini. Pa gen okenn chans pou aplike pou okenn benefis a mwens ke moun ka montre li pè seryezman tounen nan peyi kote li te fèt ou byen li sitwayen ladan-l.

Kilès pwogram sa frape?

- Moun ki janbe frontyè Etazini mwens ke 2 zan san yo pat resevwa ou enspekte nan yon pòs travèse frontyè ou aeropò ou te fè frod (bay manti)pandan li tap eseye antre Etazini PLIS
 - Li pa gen ka nan tribunal imigrasyon, oubyen
 - Li pa gen yon lòd déjà pou yo voye-l ale.

Kilès ki PA sijè pou depòte rapid?

- Ti-moun san grannmoun ki gen mwens ke 18 an;
- Moun ki te antre legal ak bon dokiman (tankou viza visitè);
- Moun ki gen ka yo devan tribinal imigrasyon;
- Moun ki ka prouve yo gen plis pase 2 zan nan peyi-a;
- Moun ki deklare laperèz pou tounen nan peyi kote yo fèt la oubyen yo sitwayen ladan-l.

Kijan pou-m pwoteje tèt mwen kont depòtasyon rapid?

Sonje tout moun andedan Etazini gen dwa pa pale. Si ou menm ou byen moun ou renmen nan men « Immigration and Customs Enforcement (ICE) » nou pa bezwen reponn kesyon sou imigrasyon ou peyi kote nou soti. Sonje se yo ki pou prouve ou pa sitwayen isit konsa si yo pa gen anyen ki endike ou se moun lòt kote, l-ap difisil pou yo prouve sa.

Pa mache ak dokiman ou te jwenn nan magouy oubyen ki gen enfòmasyon sou nesans, peyi-w ou sitwayènte. Si ou genyen sa sou wou, « ICE » ka pwouve ou pa sitwayen isit.

Si-w te nan Etazini pase 2 zan:

Si ICE gen enfòmasyon sou kote ou te fèt ak/ou byen koate ou sitwayen E OU GEN PLIS KE 2 ZAN ISIT se pou gen dokiman ki montre ou gen plis pase 2 zan. YO PA DWE DOKIMAN IDANTITE KOTE OU SOTI (paspò, ak nesans) Men ou bezwen : rapò labank, kontra lokasyon, souch chèk, resi peman, lòt resi, ak nesans pitit ki fèt isit, ak batèm, ak maryaj, papye lekòl, papye doktè, foto isit kote ki fasil pou rekonèt ak dat, dokiman taks (ak bon nimewo sosyal), rapò telefòn selilè, konvokasyon tribinal imigrasyon, resi Biwo Imigrasyon.

Kenbe yon kopi dokiman sa yo nan yon katab, valiz ou kote si lakay ou plis yon lòt nan men you moun ou ka fè konfyans avèk enfòmasyon sou avoka, gwooup kominotè ke fanmi-w, moun ou renmen ka kontakte nan yon ka ijans.

Eseye sonje dat ak kote ou te antre isit e kenbe yon kopi nan dosye-w.

Si ICE kenbe-w e ou bezwen demontre ou gen pase 2 zan isit, bay enfòmasyon sou avoka-w ou byen moun pa-w pou yo kontakte moun ki gen dokiman yo.

Kisa pou-m fè si ICE kenbe-m e mwen pè mwen nan ka depòtasyon rapid?

- Si-w pè yo voye-w tounen kote-w ou te fèt ou byen ou sitwayen-l, kite biwo-a konnen sa IMEDYATMAN

Kisa mwen ka fè kounye-a si mwen panse mwen ka sijè a depòtasyon rapid?

Konsilte ak yon sèvis legal ou ka fè konfyans pou konprann dwa-w ak opsyon-w yo. Rele Catholic Migration Services nan Brooklyn nan (718) 236-3000 ou nan Queens nan (347) 372-3500 pou konsèy legal gratis. Pou plis enfòmasyon, vizite websait nou nan www.catholicmigration.org epi swiv nou nan media sosyal via Facebook, Twitter ak Instagram @CMSBQ. Qu ka jwenn konsèy legal gratis nan rele 311 epi mande pou “Action NYC.”